



Pou Piblikasyon Imedya: 28/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 100 VINÒB AK VINÒB FÈM YO AP OPERE KOUNYE A NAN REJYON FINGER LAKES LAN

### *31 Nouvo Vinòd Te Ouvri nan Finger Lakes Depi 2011*

***Investisman an ap Konplemanje Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke 100 vinòb ak vinòb fèm yo t’ap opere kounye a nan rejyon Finger Lakes New York. 100 vinòb sa yo konte pou prèske 25 pousan nan 416 vinòb total yo ki ap opere nan New York. Kwasans sa se yon rezilta dirèk efò Gouvènè Cuomo yo pandan sèt dènye ane ki sot pase yo pou kapab ranfòse epi sipòte endistri bwason fabrike New York lan. Sipòte agribiznis epi ankouraje touris sa yo se pati entegral nan plan devlopman ekonomik rejyonal Finger Lakes Forward lan.

“Se pa yon sekre ke endistri diven New York lan ap fleri, epi kwasans san presedan sa se prèv ke efò nou yo pou ranfòse sektè sa ap bay rezilta”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak kwasans sa, endistri bwason fabrike a ki nan Finger Lakes ak lòt kote yo pral kontinye fleri - atire touris, kreye travay epi favorize ekonomi lokal nan chak kwen nan eta a.”

Kantite vinòd fèm atravè eta a, yon lisans ki te kreye an 1976, te devlope de plis pase 70 pousan, soti 195 an 2011 pou rive 333 jodi a. Kwasans sa remakab, konsideran ke nan 35 premye ane yo, New York te genyen 195 vinòb fèm, pandan ke sou sis ane ki sot pase yo 138 lòt an plis te ouvri pòt yo.

Chanjman politik yo ke administrasyon sa mete an plas yo te favorize magazin Wine Enthusiast entènasyonal la pou li nonmen Eta New York “Rejyon Diven Ane a” (“Wine Region of the Year”) an 2014 epi Finger Lakes yonn nan “Pi Bon Destinasyon Vwayaj pou Diven” (“Best Wine Travel Destinations”) an 2015. Antan ke yon siy an plis de demann ki ap ogmante a pou diven Finger Lakes yo, Ekpektatè Diven an (Wine Spectator) kounye a mete rejyon Finger Lakes nan lis klasman diven anyèl li an. An plis de remake kalite klas mondyal diven ak pwodikè New York yo, Wine Enthusiast te fè elòj Gouvènè a poutèt li te modènize règleman demode yo, modènize lwa yo, epi lanse pwogram komèsyalizasyon ki efikas yo pou kapab sipòte sektè bwason fabrike ki baze sou fèm yo.

Refòm regilatwa ak jiridik yo ki te reyalize sou Gouvènè Cuomo pou sipòte endistri diven New York lan gen ladan yo:

**Dokiman Lwa sou Amann Vinòb yo:** Nan dat 22 Jiyè 2011, Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa pou redwi fado regilatwa yo ke yo te mete sou do vinòb yo. Pwojè lwa a pèmèt vinòb fèm yo opere jiska senk sikisal magazen yo, redwi fado papyè dosye yo, redwi depans kapital yo nan pèmèt vinòb yo angaje nan rediksyon dwanye yo, pèmèt vinòb yo patisipe nan plis aktivite charitab epi konsolide kategori lisans vinòb yo.

**Somè 2012 sou Diven, Byè ak Likè yo (Wine, Beer and Spirits Summit):** Nan dat 24 Oktòb 2012, Gouvènè Cuomo te òganize premye Somè sou Diven, Byè ak Likè nan eta a epi li te imedyatman reyalize chanjman pou kapab sipòte endistri diven New York lan, ki enkli:

- Pèmèt menm fabrikan an posede divès lisans nan menm lokal la;
- Pèmèt pwodiktè atizanal yo vann “nan boutèy” lè y’ap bay moun goute yo;
- Redwi montan frè yo pou pèmi komèsyalizasyon pou fabrikan yo pou lavant lòt kote yo, soti 250 dola pou vin 125 dola pa ane;
- Redwi egzijans aplikasyon lisans pou fabrikan yo; ak
- Ogmante dire tan lisans vinòb yo soti yon ane pou vin twa ane pou kapab redwi fado dosye papyè yo.

**Mache kiltivatè ki bò wout yo:** Nan dat 30 Septanm 2013, Gouvènè a te siyen pwojè lwa ki ap pèmèt lavant diven nan mache bò wout yo pou kapab ogmante lavant yo ak pwomosyon diven Eta New York yo.

**Somè 2014 sou Diven, Byè, Likè ak Sidr yo:** Nan dat 8 Avril 2014, Gouvènè Cuomo te òganize dezyèm somè sou bwason fabrike an epi li te imedyatman reyalize chanjman sa yo pou kapab sipòte vinòb yo:

- Elimine egzijans pou moun ki gen lisans vinòb fèm yo genyen yon asirans kasyon 1,000 dola pou kapab jwenn yon lisans; epi
- Redwi montan pou vinòb fèm yo peye nan pèmèt yo transpòte pwodwi vinòb vwazinaj yo pou aktivite pou moun goute ak lavant yo.

**Lwa sou Fabrik New York lan (New York Craft Act):** Nan dat 13 Novanm 2014, Gouvènè Cuomo te siyen Lwa sou Fabrik New York lan, ki te rantre an vigè nan dat 13 Desanm 2014. Nouvèl lwa a kontinye ak sipò Eta a pou endistri bwason fabrike ki ap devlope a apati anilasyon egzijans ke yo te mete sou do pwodiktè yo, epi diminye restriksyon konsènan komèsyalizasyon pwodwi fabrike yo, ki enkli:

- Ogmante limit pwodiksyon sou ti pwodiktè yo, limit pwodiksyon anyèl pou Vinòb Fèm yo te ogmante soti 150,000 galon pou rive 250,000;
- Pèmèt tout manifakti yo pou òganize degistasyon ak vann, pa boutèy oswa vè, bwason alkalize yo fabrike a san yon lisans separe; ak
- Bese egzijans manje ke fabrikan yo dwe konfòm a yo pou yo kapab jwenn yon lisans pou ka vann lòt bwason alkalize yo nan vè yo.

**Somè 2015 sou Diven, Byè, Likè ak Sidr yo:** Nan dat 7 Oktòb 2015, Gouvènè Cuomo te òganize twazyèm Somè sou Diven, Byè, Likè ak Sidr nan Eta a epi li te imedyatman reyalize chanjman sa yo pou kapab sipòte vinòb yo:

- Envesti 5 milyon dola pou renouvle angajman sou komèsyalizasyon ak pwomosyon ki te lanse an premye an 2014, ak Eta a ki ap angaje 2 milyon dola nan depans dirèk yo pou sipòte kwasans endistri a apati 1 milyon dola nan pwomosyon touristik ak yon kanpay piblisite ki vize pou 1 milyon dola.
- Lanse yon pwogram sibvansyon 3 milyon dola adisyonèl ki koresponn a 20 pousan nan kontribisyon endistri a pou komèsyalizasyon ak pwomosyon diven, byè, likè ak sidr ki te pwodwi nan Eta New York; epi
- Pèmèt machann yo reprezante divès fabrikan bwason fabrike pou kapab ogmante distribisyon pou ti pwodiktè atizanal yo epi bay plis opòtinite pou machann yo kapab rejwenn endistri bwason ki ap devlope a.

**Modènizasyon Lwa sou Kontwòl Bwason Alkolize (Alcoholic Beverage Control Law) New York lan:** Nan dat 7 Septanm 2016, Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa pou modènize Lwa sou Kontwòl Bwason Alkolize nan New York lan ki akayik depi 80 ane, ki enkli pwovizyon pou:

- Pwolonje orè lavant nan Dimanch yo soti midi pou rive 10 a.m. atravè eta a.
- Konbine lisans manifakti yo pou sila yo ki posede divès lisans pou vin tounen yon sèl aplikasyon pou kapab redwi papye dosye yo pou ti biznis yo; epi
- Otorize lavant diven nan gwonyon yo pou vinòb ak vinòb fèm yo.

**Lavant nan vè yo:** Nan dat 16 Septanm 2016, Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa ki ap pèmèt vinòb, brasri ak sidri fèm yo vann nan vè nenpòt bwason alkolize fèm yo ki te pwodwi nan New York nan etablisman pwodiksyon yo an oswa nan lòt sikisal magazen yo ki lòt kote. Anba lwa anvan an, pwodiktè fèm yo te limite pou yo vann nan vè sèlman pwodwi ke yo fabrike menm kote a.

Kòm yon rezilta lidèchip New York nan sipòte endistri bwason fabrike a, kwasans vinòb ak vinòb fèm yo ap favorize ogmantasyon revni enpo yo, opòtinite travay yo, demann ki ogmante pou pwodwi fèm yo, ak yon enpak touristik ki ranfòse pou eta. Pami 100 vinòb ki sitiye nan Finger Lakes yo, 89 landan yo se vinòb fèm yo, sa ki vle di ke tout rezen ak lòt fwi ke yo te itilize yo pou pwodwi diven an yo te kiltive nan New York. An plis, 13 vinòb fèm yo ki nan Finger Lakes yo te ouvri lòt sikisal ki lòt kote, yon pratik ke yo te otorize anba pwojè lwa sou Amann pou Diven Gouvènè a (Governor's Fine Wine legislation).

Ou kapab jwenn yon lis konplè sou nouvo vinòb ak vinòb fèm ki te etabli nan Finger Lakes yo nan dènye ane a ki disponib [isit la](#).

Kwasans endistriyèl konsiderab sa ak atansyon sou rejyon an yo ap mete vinòb Finger Lakes yo sou kat entènasyonal la pou konesè diven yo. Diven Finger Lakes yo ap pran echèl nan peyi Ewopeyen ak Azyatik yo, epi plis biznis ki se pwopriyete ti fanmi yo ap ekspòte pwodwi yo sou mache etranje yo. Bagay sa, konbine ak vizitè yo ak ekriven sou vwayaj yo ki ap pwomouvwa rejyon an, yo ap pote touris ak achtè ki soti toupatou nan peyi a ak mond lan pou vin vizite rejyon diven New York yo.

Jodi a, plis pase 5 milyon touris ap vizite vinòb New York yo chak ane. An 2015, vwayajè nan Finger Lakes yo te depanse plis pase 2.9 milya dola nan zòn nan. Pwodiksyon diven an nan New York te ogmante plis pase 50 pousan nan 20 dènye ane yo pou rive prèske 200 milyon boutèy chak ane, sa ki fè New York se twazyèm pi gwo eta ki ap pwodwi diven nan peyi a, apre California ak Washington. Lavant diven New York yo totalize 420 milyon dola nan yon ane, epi endistri a gen yon enpak ekonomik 4.8 milya dola.

**Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Likè Eta (State Liquor Authority), te deklare,** “Sipò Gouvènè Cuomo pou vinòb New York, nan kraze baryè yo, aleje règleman yo epi bay rekonpans pou komèsyalizasyon yo, sa yo te favorize yon eksplozyon nan kantite fabrikasyon yo atravè eta a. Plizyè santèn nouvo vinòb ki te ouvri pandan sis dènye ane yo ap kreye travay, kreye devlopman ekonomik epi atire touris nan kominote yo atravè New York.”

### **Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”**

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te envesti deja plis pase 3.4 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li envesti nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

###